

ZVAZVIRI CHAIZVO




Chidzidzo 1 cha
Kubvumbi 4, 2026



Mumwe nomumwe wedu akava noukama hwakasiyana naMwari. Asi isu tose tinobvumirana pachinhu chimwe: hukama uhwu hunogona (uye hunofanira) kukura.

Danho rekutanga ratinofanira kutora kuti tikure nderekuziva mamiriro edu azvino.

Mwari akatipa shoko pamusoro pemamiriro emweya esangano panguva ino yekupedzisira yehupenyu. Zvino zviri kwatiri kuzviongorora kuti tione chikamu cheshoko iroro chinoshanda kwatiri, uye kuti tingasimbisa sei nekudzamisa ukama hwedu naMwari.



Shoko raMwari (Zvakazarurwa 3:14-22):



Kuzviongorora (vv. 14-17)



Chinopedza izvi (v. 18)



Mhedzisiro (vv. 19-20)



Kufadzwa (vv. 21-22)



Zvazviri chaizvo (Johani 15:1-11):



Muzambiringa nematavi



Muto



SHOKO RAMWARI

(Zvakazarurwa 3:14-22)

KUZVIONGORORA

“Nokuti unoti, 'ndakafuma, ndakafumiswa, handishaiwi cinhu; usingazivi, kuti ndiwe unourombo nenhamo, uri murombo nebofu usine-cokufuka” (Zvakazarurwa 3:17)



Shoko kumasangano manomwe rinoratidza mamiriro esangano panyika kubva panguva dzevapostora kusvika nhasi uno (Zva 2-3). Mukupa shoko rezuva redu (Raodhikia), Jesu anozviratidza sa“Ameni [Zvokwadi], chapupu chakatendeka nechechokwadi” (Zva 3:14)



Patinozvitarisa,tinoona *Chokwadi chedu* : “ndakafuma, ndakafumiswa, handishaiwi cinhu” (Zva. 3:17a).

Asi Jesu anoona *chokwadi* , chokwadi chezvedu: “unourombo nenhamo, uri murombo nebofu usine-cokufuka” (Zva. 3:17b).

Iye zvino yave nguva yekuti tizviongorore. Ndiri kuziva here zvandinazvo zvechokwadi, uye zvandichiri kuda? Ndakura zvakadii muhukama hwangu naJesu? Ndiri kushanduka kuita nani here?



CHINOPEDZA IZVI

“Ndinokupa zano kuti utenge kwandiri ndarama yakaidzwa mumjoto, kuti uve nefuma, nenguvo cena, kuti uzifukidze, nyadzi dzokusafuka kwako dzirege kuvonekwa; necizoro cameo, kuti uzore meso ako, uone.” (Zvakazarurwa 3:18)

Sezvo kunzwa takasununguka nemamiriro edu ezvinhu kuchikonzera kusakendenga (kudziya), Jesu anotipa zano rokuti tiite zvinhu zvitatu:

Utenge ndarama yakaidzwa



Hatifaniri kugutsikana nezvokwadi isina kukwana kana kuti fundo yeBhaibheri isina kudzika. Tinofanira kurasa dzidziso dzevanhu (tinsel) uye kuzama zvakadzama mukudzidza kwedu Bhaibheri kuti tibvise kusakwana kwese (marara) kubva mukurinzwisisa kwedu.

Utenge nguvo chena



Kugamuchira kururama kwaJesu senzira chete yokuwana nayo ruponeso. Kuedza kuzvipa kuna Mwari nemabasa edu akarurama kuzviratidza takashama pamberi Pake.

Utenge chizoro chameso



Gamuchira Mweya Mutsvene. Iye chete ndiye anogona kutipa nzwisiso yemweya uye kutiratidza mamiriro edu echokwadi (Johani 16:8).

M H E D Z I S I R O


“Tarira, ndimire pamukova, ndicigogodza; kana munhu akanzwa inzwi rangu, akazarura mukova, ndicapinda kwaari, ndicarayira naye, naiye neni.” (Zvakazarurwa 3:20)

Pane dambudziko. Ndinonzwa zvakanaka pamweya, asi Jesu anoda kuti ndivandudze. Zvisinei, kana ndisingazivi nezvekuda kwangu kushanduka, handifi ndakashanduka. Handimbodi kutenga zvandagara ndichifunga kuti ndinazvo.

Kugadzirisa izvi, Jesu ane mitovo Yake amene: “Uose uandinoda ndinouaranga nokuvaroua”; uye anowedzera: “utendeuuke” (Zva. 3:19).

Kutsiura uye chirango chaJesu hazvisi hazvo zvakaipa. Anosarudza nzira yenhaurirano. Anoda kugara nesu akanyarara tichikurukura... “Tarira, ndimire pamukova, ndicigogodza; kana munhu akanzwa inzwi rangu, akazarura mukova, ndicapinda kwaari, ndicarayira naye, naiye neni” (Zva. 3:20).

Jesu anogogodza pamusuwo wemoyo wangu uye anomirira nemoyo murefu. Haapindiri muhupenyu hwangu kundimanikidza kuva nehukama Naye. Sarudzo yekuuvhura ndeyangu.



KUFADZWA


“Unokunda ndicamupa cinhu ici, kuti agare neni pacigaro cangu covushe, seni vo ndakakunda, ndikagara pampe cete naBaba vangu pacigaro cavo covushe.” (Zvakazarurwa 3:21)

Jesu anoziva nzira yacho haisi nyore. Anoziva nhamburiko dzedu dzokutenga ndarama, nguo, uye mushonga wameso. Anoziva kutamburira kwedu kuti tikunde kudziya, kuvhura musuwo, uye kubatana Naye. Ndiko kusaka achitiudza kuti: Munokwanisa kukunda, sezvandakakunda (Zva. 3:21).

Anozivawo kuti hatizombofi takatora danho rokutanga. Mwari agara achitanga.




**Akasarudz
a kutisika
(Gen. 2:7)**



**Anotitsvaga
patinenge
tatadza
(Gen. 3:8-9)**



**Akazvipa
kuti
atiponese
(Johani
3:16)**



**Anoda kutipa
mubayiro: kugara Naye,
uye kunakidzwa
nokusingagumi pamwe
chete Naye (Zva. 3:21)**



**Kiyi yezviito zvomwari (izvo zvatisingakodzeri) rudo:
“ndakakuda norudo rusingaperi”
(Jeremiya 31:3). Anoda kuva
nehukama nesu. Ndinoda kuva
nehukama naye here?
Ndichazarura mwoyo wangu
kwaari uye ndigomuda
sezvaanondida here?**



ZVAZVIRI CHAIZVO

(Johani 15:1-11)

MUZAMBIRINGA NEMATAVI

“Ini ndiri muzambiringa, imi muri matawi. Unogara mandiri, neni maari, ndiye unobereka zibereko zakawanda; nokuti kunze kwangu hamugoni kuita cinhu.” (Johani 15:5)

Nguva pfupi asati afa, Jesu akazivisa kuti aiva “muzambiringa,” uye kuti vadzidzi Vake vaiva “matawi.” Airevei apa?

Bazi rinogona kugara kwechinguva risina kubatanidzwa pamuzambiringa, asi pakupedzisira rinosvava. Kuti tirege kurasikirwa nehupenyu husingaperi, Jesu anotiteterera achiti: “Garai mandiri” (Johani 15:4). Mundima 11 umo Jesu anotaura mufananidzo uyu womuzambiringa nematavi, anoshandisa shoko rechiito rokuti “garai” ka10. Chinofanira kuva chinhu chinokosha zvechokwadi.



Kugara muna Jesu mushonga wekudziya kweRaodikia. Uyezve, manyuko omufaro (Johani 5:11). Asi tingagara sei muna Jesu?

Kuburikidza nokuita zvinomufadza, ndiko kuti, kupfurikidza nokuchengeta mirairo Yake (Johani 15:10). Iyi imhinduro yorudo kurudo rwatakaratidzwa naMwari (1 Johani 4:19)



MUTO

"Garai mandiri, neni mamuri. Sedavi risingagoni kubereka zibereko roga, kana risingagari mumuzambiringa; saizozo nemi vo, kana musingagari mandiri." (Johani 15:4)



Muchando, matavi anonamatirwa pamuzambiringa, asi haabereki zvbereko. Sei? Nekuti haaagamuchire muto.

Kana chirimo chasvika chete ndipo paanowana muto wemuzambiringa, uye ipapo nhungirwa (tendon) dzinobuda. Shoko rechiGiriki rakashandiswa naJohani rinogonawo kureva mapazi akavhuniwa onamatidzwazve pamuzambiringa.

Tingave tiri nhungirwa nyoro kana matavi akatyoka, chinhu chimwe chakajeka: tinoda muto wemuzambiringa.

Muhurukuro imwecheteyo (Johane 14-17), Jesu anotipa tsananguro: Mweya Mutsvene ndiwo unobata matiri kuti atipe hupenyu, kana tichida.



Ndiye Munyaradzi wedu (Johani 14:16-17)

Anotizarurira Jesu (Johani 15:26)

Anotizivisa pamusoro pezvivi (Johani 16:8)

Anotitungamira muzvokwadi yose (Johani 16:13)



“Ndarama inorumbidzwa pano seyakaidzwa mumoto kutenda norudo. Inopfumisa mwoyo; nokuti yakanatswa kusvikira yachena, uye kana ikaedzwa inowedzera kupenya kwacho. Nguo chena ndiko kuchena kwehunhu, kururama kwaKristu kunopihwa kumutadzi. Iyi ihanzu yedenga, inogona kutengwa chete naKristu kuti urarame hupenyu hwekuteerera. Muzoro wameso ndihwo hungwaru nenyasha izvo zvinotigonesa kutsaura pakati pechakaipa nechakanaka, uye kuona zvivi nechero nzira. Mwari akapa maziso ekereke Yake ayo anoda kuti vazodze nehuchenjeri, kuti vaone zvakajeka; asi vazhinji vaizobvisa maziso esangano kana vaigona; nokuti vakanga vasingadi kuti mabasa avo auyiswe pachiedza, kuti varege kumhurwa. Chizoro chemaziso chohumwari chichajekesa kunzwisisa. Kristu ndiye anochengeta nyasha dzose. Anoti: “Tenga Kwandiri” (Zvakazarurwa 3:18).”-Non-Official translation by Gift Mawoyo